



Pou Piblikasyon Imedya: 23/02/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE DISPONIBILITE 65 MILYON DOLA ÈD IJANS
FEDERAL POU CHOFAJ NAN KAY**

Dezyèm faz èd ijans pou chofaj nan kay la disponib pou fanmi ki nan sityasyon difisil k ap fè fas ak ijans pou chofaj pandan ogmantasyon nan depans pou enèji nan tout eta a

Plis pase 25 milyon dola nan asistans pou ijans te distribiye depi 3 janvyè

Ajans eta a yo kontinye gwo efò sansibilizasyon piblik la pou konekte Nouyòkè ki kalifye yo avèk asistans

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul te anonse 65 milyon dola finansman rete disponib pou ede Nouyòkè ki gen revni ki fèb ak revni mwayen yo evite yo dekonekte chofaj nan kay yo oswa fini sous chofaj yo pandan ogmantasyon pri gaz nan sezon ivè sa a. Pwogram Asistans pou Enèji nan Kay (Home Energy Assistance Program, HEAP) la ke Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) la jere a ap aksepte aplikasyon kounye a pou benefis ijans pou Nouyòkè sa yo ki te itilize benefis nòmal yo ak premye benefis ijans yo epi k ap fè fas ak ijans chofaj.

"Pri enèji yo rete men wotè, sa ki mete yon gwo chaj sou Nouyòkè ki gen difikilte yo k ap eseye peye bòdwo enèji yo pandan mwa ivè frèt sa yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk jis kèk semèn ivè ki rete, dezyèm faz pou asistans ijans sa pral bay soulajman pou fanmi ki gen revni fèb ak revni mwayen yo, k ap ede Nouyòkè ki gen bezwen lè tanperati yo tonbe nan nivo glasyal".

Fanmi ki gen revni kalifye yo ki te fin itilize benefis HEAP nòmal ki disponib la ak benefis premye ijans lan ka aplike kounye a pou yon dezyèm faz asistans, depi y ap fè fas ak yon koupri nan sèvis piblik oswa dekoneksyon sèvis elektrik yo ki pral afekte ekipman chofaj prensipal yo a. Epitou, fanmi ki te fin itilize apwovizyonman konbistib chofaj yo oswa ki gen mwens pase yon ka tank gaz, kewozèn, oswa pwopàn, kalifye tou; oswa fanmi ki gen apwovizyonman lòt konbistib chofaj pou mwens pase 10 jou.

Demann pou asistans chofaj la atravè HEAP te wo jiskaprezan pou sezon ivè sa. Plis pase 1.4 milyon benefis nòmal yo ki bay yon total 212 milyon dola te bay depi lè pwogram nan te ouvri nan mwa oktòb, avèk 28,000 benefis ijans siplemantè ki bay yon total 25 milyon dola ki te bay depi 3 janvyè.

Komisè OTDA, Daniel W. Tietz, te deklare, "Avèk demann aktyèl pou HEAP la, pa gen dout ke yon pi gwo kantite Nouyòkè gen difikilte pou chofe lakay yo ivè sa. Nou ankouraje tout Nouyòkè ki kalifye yo pou pwofite pwogram enpòtan sa pou kapab kenbe lakay yo chofe kòm sadwa jiskaske tan ivè a bese".

Prezidan Komisyon Sèvis Piblik la, Rory M. Christian, te deklare, "Mwen aplodi Gouvènè Hochul pou angajman li pou ede konsomatè yo fè fas ak pri enèji yo k ap ogmante pou kapab chofe lakay yo. Finansman sa vini nan yon moman enpòtan nan ane a. Ivè a poko fini, ni bòdwo enèji ki wo yo non plis, epi asistans sa pral kontribiyè anpil pou ede konsomatè ki gen bezwen yo".

Direktè pa Enterim Biwo Eta New York pou Granmoun Aje a, Greg Olsen, te deklare,, "Nouvo faz asistans pou chofaj ijans sa enpòtan pou granmoun ki pi aje yo ak tout Nouyòkè yo ki gen revni fiks yo ki gen difikilte avèk pri ki wo pou rive kenbe kay yo cho nan ivè sa. Mwen aplodi efò kontinyèl ak solid Gouvènè a pou ede Nouyòkè vilnerab yo siviv. Si ou menm oswa yon pwòch ou gen difikilte pou peye chofaj, kontakte nou pou jwenn èd jodi a".

Senatè Chuck Schumer te deklare, "65 milyon dola sa nan èd ijans federal pou chofaj nan kay la pral asire fanmi New York yo ak granmoun aje yo ki gen difikilte pou peye bòdwo yo pandan pandemi an pa rete nan fred. Mwen fyè pou m te ogmante presyon sou gouvènman federal la pou yo te ka bay èd ijans sa pou granmoun aje ak fanmi yo kapab rete san danje ak cho lakay yo".

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "Pandan depans enèji yo kontinye ogmante, twòp Nouyòkè pa kapab peye bòdwo chofaj ak enèji yo. Nou dwe fè plis pou asire tout moun gen aksè ak chofaj ki fyab, abòdab ak sifi. Mwen aplodi travay Gouvènè Hochul pou rann finansman sa disponib epi rekòmande tout sila yo ki bezwen asistans pou aplike pou Pwogram Asistans pou Enèji nan Kay la osito sa posib M ap kontinye batay pou bon finansman federal LIHEAP a pou asire eta nou an ekipe pou sipòte Nouyòkè yo pandan ivè a".

Reprezantant Yvette Clarke te deklare, "Li esansyèl pou chak Nouyòkè jwenn aksè ak sous chofaj san danje pandan mwa ivè ki frèt yo. Gras ak lidèchip ki anrasine nan imanite Administrasyon Hochul la, 65 milyon dola nan resous yo disponib kounye a pou asire fanmi ki gen revni fèb ak mwayen yo pa fè fas ak difikilte ki vini de bòdwo kouran oswa gaz k ap monte yo. Fon sa yo pral kenbe kou yo ba pou konpatiyòt yo ki bezwen èd epi kenbe chofaj yo fonksyonèl lè sa nesèsè. Epi, efè alontèm èd ijans sa vle di fanmi yo pral san danje nan aswè epi mwen rekonesan pou sa. Atravè finansman tankou sa ak lejislasyon tankou Lwa sou Chofaj ki pi Sekirite (Safer Heat Act), n ap asire dwa chak Nouyòkè pou yo gen chofaj san danje lakay yo".

Reprezantan Paul Tonko te deklare, "Li enpòtan pou nou sipòte vwazen ki pi vilnerab nou yo epi asire tout moun gen aksè ak kay ki cho, sekirite pandan ivè a ap kontinye. Pwogram Asistans Enèji nan Kay la se yon resous enpòtan pou kominote nou yo epi

mwen te fyè pou m bay sipò nesès pou pwogram sa ak anpil lòt nan Plan Sovtaj Ameriken nou an. Mwen aplodi Gouvènè Hochul pou travay li pou sipòte Nouyòkè yo pandan ivè a ak odela".

Reprezantant Kathleen Rice te deklare, "Premye faz Èd Ijans pou Chofaj nan Kay la te ede anpil Nouyòkè ivè sa, men piske depans pou enèji yo rete wo, anpil fanmi ap fè fas yon lòt fwa ankò ak ijans pou chofaj. Mwen rekonesan dèske fanmi nan Long Island yo ak atravè eta a pral kontinye resevwa sipò esansyèl sa pou okenn moun pa rete deyò nan fredri a".

Reprezantan Adriano Espaillat te deklare, "Pandan nou kontinye viv ogmantasyon pri enèji yo, li enpòtan pou nou travay ansanm pou nou asire chak Nouyòkè gen aksè ak chofaj nan kay. Chofaj ki pa apwopriye mete sante fanmi yo andanje epi kapab lakòz solisyon chofaj ki ka danjere tankou aparèy chofaj ki kapab vreman danjere yo epi ki kapab koute lavi. Mwe aplodi Gouvènè Hochul pou anons jodi a kote y ap bay finansman federal sa pou asire anpil Nouyòkè jwenn èd ak asistans ijans yo bezwen ak merite".

Pou kalifye, aplikan yo dwe satisfè kritè kalifikasyon HEAP ak direktiv sou revni yo, ki varye selon kantite moun ki nan kay la. Pa egzanp, yon fanmi ki gen kat moun ka gen yon revni mansyèl brit maksimòm ki se 5,249 dola oswa yon revni anyèl brit ki se 62,983 dola.

Otòn pase a, Komisyon Sèvis Piblik New York la te prevwa ogmantasyon nan pri apwovizyonman yo pou ivè sa, avèk kou gaz natirèl la—ki itilize pou chofe kay yo epi pou pwodui elekrisite—k ap monte anpil epi ki kèk fwa plis pase double depans pou apwovizyonman bòdwo kouran ak/oswa gaz natirèl kliyan an. Ogmantasyon nan bòdwo sa yo gen ogmantasyon mondyal nan pri danre gaz natirèl yo ki te afekte yo akòz itilizasyon nasyonal ki pi wo ki rive akòz klima ki pi frèt pase nòmal, aktivite ekonomik ki ogmante, ak demann entènasyonal ki ogmante.

An repons ak ogmantasyon antisipe pri enèji yo, montan benefis ijans pou chak fanmi te ogmante nan omwen 32 pousan, epi plis pase 42 pousan, tou depann de kalite gaz chofaj la itilize pou fanmi an. Peryòd pou aplike pou benefis nòmal ak ijans lan te pwolonje jiska 29 avril.

Nan oktòb 2021, Gouvènè Hochul te anonse 373 milyon dola pou èd pou chofaj nan kay pou ede Nouyòkè yo pandan mwa sezon frèt yo epi depi 3 janvyè 2022, plis pase 25 milyon dola nan Asistans Ijans te distribye bay Nouyòkè yo. Mwa fevriye sa, Gouvènè Hochul te anonse 65 milyon dola nan finansman rete disponib pou ede Nouyòkè ki gen revni ki fèb ak revni mwayen yo evite yo dekonekte chofaj nan kay yo oswa fini sous chofaj yo pandan pri gaz yo ap ogmante nan twayèm mwa sezon ivè a.

Anplis de sa, nan novanm pase a, Gouvènè Hochul te lanse jodi a yon nouvo [kanpay](#) medya dijital ki fèt pou ogmante sansibilizasyon sou divès pwogram eta ki disponib pou ede Nouyòkè ki gen difikilte yo peye depans chofaj ak sèvis piblik yo pou evite

entèripsyon potansyèl nan sèvis yo pandan mwa sezon fredy yo. Kanpay la bay tou konsèy ak pi bon pratik pou ede fè fas ak depans pou chofaj nan kay ki pi wo pase mwayèn.

Yo aksepte plikasyon pou asistans yo nan depatman lokal sèvis sosyal yo an pèsòn oswa pa telefòn, epi y'ap bay finansman sou baz yo ap sèvi moun ki vini anvan yo an premye. Ou ka jwenn yon lis biwo lokal yo dapre konte yo [isit la](#). Rezidan andeyò Vil New York yo ka aplike sou entènèt tou pou avantaj asistans chofaj regilye yo. Rezidan Vil New York yo ka telechaje yon aplikasyon epi jwenn enfòmasyon sou pwogram lan [isit la](#).

Depi otòn lan, Depatman Sèvis Piblik la t ap reyalize sansibilizasyon pou alète piblik la sou ogmantasyon depans ki prevwa yo pou ivè sa. Mwa pase a, ajans lan te reyalize yon seri atelye vityèl avèk lòt ajans eta a yo pou fè konnen pwogram èd finansye yo tankou HEAP; pwogram aksesibilite pou enèji sèvis piblik; mezi pwoteksyon kay kont move tan; ak lòt mezi konsomatè yo kapab pran pou ekonomi nan enèji.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418